



Pwoteje Dlo Wobinèt Ou, Pwoteje Sante Ou

Bay kay yo mwayen pou pwoteje timoun nou yo,
yon wobinèt alafwa.



Poukisa ou ta Dwe Filtre Dlo Wobinèt Ou a?

Ou ka toujou jwenn plon nan plonbri kay la, sitou nan kay ki te bati anvan 1986 yo. Malgre konpayi dlo yo gen obligasyon pou ranplase tiyo sèvis plon yo (tiyo ki konekte kay la ak tiyo dlo prensipal la), travay sa a p ap fini anvan 2031, epi konpozan plonbri anndan kay la p ap ranplase. Filtè ki enstale nan pwen itilizasyon sètifye yo ofri yon solisyon pwouve ak aksesib pou retire plon egzakteman kote yo itilize dlo a pou bwè ak pou kwit manje — sa pèmèt ou pran pwoteksyon w dirèkteman an men ou jodi a.



Sa ki Anje a: Poukisa Chak Gout Enpòtan

Kontaminasyon ak plon yo jwenn nan dlo pou moun bwè ka kontribye nan yon ogmantasyon nan nivo plon nan san yon moun, sitou lakay timoun piti, sa ki ka lakòz reta nan devlopman, pwoblèm konpòtman, ak konsekans sante alontèm. Ogmante sansibilizasyon epi aksè ak filtrasyon dlo sètifye ka bay solisyon imedya ak pratik pou diminye kontaminasyon pandan amelyorasyon enfrastrikti alontèm yo ap fèt.

Antre nan Kanpay la!

1 Filtre Dlo Wobinèt Ou a

Filtre Dlo Wobinèt Ou a se yon inisyativ pou fòm piblik la ki te kreye pou ede rezidan New Jersey yo, sitou lokatè yo, konprann kijan pou yo itilize filtè dlo sètifye NSF/ANSI pou diminye kontaminasyon ak plon nan dlo pou bwè a.

2 Ede Nou Rive nan Chak Kay: Kijan pou Pataje Mesaj la

Kanpay sa a pral itilize yon apwòch plizyè kanal ki gen ladan l sansibilizasyon dijital, materyèl edikatif, evènman kominotè, ak patenarya avèk mesaj lokal ou fè konfyans. Aktivite yo ap gen ladan angajman sou medya sosyal, demonstrasyon an dirèk sou itilizasyon filtè nan evènman kominotè yo, distribisyon materyèl edikatif atravè twous zouti Healthy Homes, ak kolaborasyon avèk òganizasyon tankou depatman sante lokal yo, pwogram WIC, lekòl yo, ak travayè sante kominotè yo.

3 Defann Politik Piblik Ki Favorize Filtè

Plon nan plonbri kay ki ansyen afekte kominote moun ki pa touche anpil kòb yo ansanm ak kominote moun ki pa blan yo yon fason ki pa pwopòsyonèl. Pa gen okenn fanmi ki ta dwe tann solisyon sistèmik poukont li. Lokatè ak fanmi ki nan kominote ki twò peple yo ka gen kontwòl limite sou enfrastrikti bilding yo, sa ki limite kapasite yo pou ranplase plonbri entèn yo ak tiyo sèvis plon yo. Fanmi ki gen plis risk pou kontamine ak plon nan dlo pou bwè yo ka pa gen mwayen pou peye filtè dlo pou bwè yo tou. Atravè mekanis finansman inovatè, tankou pwogram Medicaid Waiver a, politik piblik yo ka sipòte dlo san plon pou tout moun.



Antre nan
Kanpay la
epi Aprann
Plis nan:

LEADFREENJ.ORG/FILTERYOURTAP

